**O`zbekistan Respublikasi Xaliq ta`lim wa`zirligi**

**A`jiniyaz atindag`i No`kis ma`mleketlik pedagogikaliq instituti**

**«Pedagogika» fakul`teti.**
**«Muzikaliq ta`lim» kafedrasi.**

# I- kurs Garmoniya pa`ninen

# «GARMONIYANIN' LAD TIYKARLARI»

**temasinin' bir jup saatinin' lektsiyasi**

**Lektor ag`a oqitiwshi A.Nadirova**

**No`kis-2015**

# 8 BAP

## GARMONIYANIN' LAD TIYKARLARI

### 1.Lad haqqında tu'sinik

"Lad" tu'sinigi slavyan tilinen kelip shıqqan bolıp, ol ba'lentlik du'zilisi tonlarının' o'z – ara sa'ykesleniwi ma'nisin an'latadı.

Lad turaqlı ha'm turaqsızlıqtın' o'z – ara dialektikalıq ta'sirin su'wretlew printsipi bolıp tabıladı. Ol muzıkanın' tiykarg'ı ekinshi da'rejeli, tuykarg'ı – bag'ının'qılı oray shen'beri ha'm basqa sıpattag'ı intonatsiyalıq – ma'nisli jag'daylardın' logikalıq tiykarın payda etedi.

Muzıka tilinin' rawajlanıw barısında lad haqqındag'ı ko'rinisler sezilerli rawajlanıwdı basınan keshirgen. Ladtın' son'g'ı eki a'sir dawamında Evropa kompozitorları do'retiwshiliginde ju'zege kelgen qag'ıydaların u'yreniwge tiykarlang'an tu'sinik ko'birek belgili. Ataqlı pedagog – teoretik I.V. Sposobin ta'repinen ladqa berilgen to'mendegi anıqlama usı ko'z – qarastı tastıyıqlaydı: " Lad – bir dawıs yamasa u'nleslik ko'rinisinde tonika orayı ja'rdeminde birlestirilgen dawıs baylanıslarının' sisteması". (75, 24 – betler).

Bul lad anıqlamasın joqarı da'rejeli oraylastırılg'an XVIII – XIX a'sir kompozitorları muzıkasın u'yreniw tiykarında islep shıg'ılg'an. Sonın' ushın da bul ilimpazdın' tonika ha'm u'nleslikke ayrıqsha itibar bergenligi ko'zge taslanadı.

Sonın' menen birge, son'g'ı on jıllıqlarda XX – a'sir garmoniyasın izbe – iz u'yreniw, klassikalıq garmoniyag'a shekem payda bolg'an garmoniyanı ba'rqulla izertlew, ladtın' o'zgesheligi joqarıda ko'rsetilgenlerden keskin ajıralıp turıwshı ta'biyatqa iye bolg'an monodiyalıq muzıka nızamlıqların u'yreniw tiykarında lad tu'sinigin ken'ettiriw za'ru'rligi tuwıldı. Ladtın' aqırg'ı ha'm ken'irek ta'riypleniwinin' biri to'mendegishe: "Lad bul ses ba'lentliligi baylanıslarının' sistemalılıg'ı" (94, 29 – betler). Bul tu'sindirme de oraylıq ses yamasa u'nseslikke tartılıw sezilmeydi, sistema bolsa ladtın' tiykarın payda etiwshi belgi sıpatında ko'rsetiledi. Bunnan kelip shıg'ıp ladtı payda etiwshi sesler funktsional ta'repten ken' a'hmiyetke iye

emes, olar o'z mazmunına qaray berilgen ha'm sol sebepli o'z – ara belgili mu'na'sebetlerde boladı.

Usı anıqlama a'yyemgi grek tetraxordınan ha'zirge shekem zamanago'y atonal muzıkasına bolg'an bag'darlardı qamtıp alg'anlıg'ı sebepli, ha'r tu'rli lad sistemamaların u'lıwmalastırıw imkaniyatın beredi.

## 2. Lad ha'm ses qatar

Lad ha'm ses qatarlardın' o'z – ara mu'nasibetin B.B. Asaf'ev to'mendegishe belgileydi: "Ses qatar ladtı payda etiwshi tonlardın' basqıshpa – basqısh grafikalıq ko'riniste beriliwi, biraq lad usı sistema intervallarının' baylanısıw sıpatı menen anıqlanadı" (6, 282 – b.).

## 3. Major – minor

Major – minor ladogarmoniyalıq sisteması uzaq tariyxıy rawajlanıw protsesi na'tiyjesinde qa'liplesken. Onın' o'zgeshe qag'ıydaları ju'zege keliwde akustikalıq faktorlar menen u'zliksiz baylanısqan saz a'spabları muzıkasının' tiykarg'ı a'hmiyetine iye boladı. Akustikalıq nızamlıqlarg'a su'yeniw major – minordın' ses qatarları bekkemliligi, funktsional mu'na'sebetlerinin' turaqlılıg'ı sıyaqlı o'zgesheliklerin belgileydi.

Major – minor sistemasına ishki dinamizm, keskinlik, oraylasqanlıq ha'm funktsionallıq baylanıslılıg'ı bolıp tabıladı.

## 4. Ladtın' tiykarg'ı funktsiyaları

En' u'lıwmalıq ta'rizde lad funktsiyaları muzıka sistemasının' eki tiykarg'ı deregi turaqlı ha'm turaqsızlıq, basqasha aytqanda statikalıq ha'm dinamikalıq jag'daylarda su'wretlenedi.

**Turaqlılıq funktsiyası** statikanın' su'wretleniwi, yag'nıy toqtaw sezimi tiykarında payda boladı. Major – minorda ton yamasa u'nleslik ko'rinisindegi usı element turaqlı yamasa tonika (T) lad funktsiyasına iye. Ladtın' basqa elementlerinin' funktsiyası orayg'a mu'na'sebeti boyınsha belgilenedi yag'nıy tonika – funktsional baylanıslardın' tiykarg'ı negizi boladı.

**Turaqsızlıq funktsiyası** dinamikanın' su'wretleniwi, yag'nıy tonika yamasa og'an deyingi bolg'an ha'rekettin' dawamın ku'tiw jag'dayı. Major - minor sistemasında turaqsızlıq ortalıg'ı dominant (D) ha'm subdominant (S) qarama - qarsı funktsiyalarg'a ajıratıladı. Lad funktsiyaları (S ha'm D) nın' qarama-qarsılıg'ı tohikag'a ta'siri mu'na'sebetinde o'zinin' su'wretleniwin tabadı.

D o m i n a n t f u n k ts i y a s ı tonikag'a qaray ku'shli tartılısqa iye. A'sirese D - T baylanısı ku'shli dinamikalıq mu'na'sebetlerdi payda etedi. Dominanta orayg'a umtılıwshı ku'sh, tonikag'a qaray aktiv ju'rgiziliwi tonlıqtı anıq xarakterley aladı.

S u b d o m i n a n t f u n k t s i y a s ı bolsa kerisinshe, tonikag'a tartılmawı menen ajıralıp turadı. Subdominant ko'binese boysındırıw arqalı tiykarg'ı tonikanı biykar etiwge umtıladı. Sonın' ushın subdominant lad quramında oraydan shetleniwshi ku'shti su'wretleydi.

Major – minordın' o'zegi bolıp esaplang'an T-S-D-T formulası, bul sistemanın' funktsional bag'darın sa'wlelendiredi. Ol dialektikalıq biykarlanıwdı biykarlaw nızamının' garmoniyadag'ı su'wretleniwi bolıp esaplanadı ha'm to'mendegi rawajlanıw basqıshlarınan o'tedi:

a) *baslang'ısh tonika* keyingi rawajlanıwda o'z – ara mu'nasebette bolg'an logikalıq tayanısh sıpatında qabıl etiledi;

b) *subdominanttın'* payda bolıwı tonikanın' biykarlanıwı sıpatında seziledi. Bul jag'dayda tonika subdominantanın' dominantası sıyaqlı talqılanıp, bag'ının'qı a'hmiyetke iye boladı;

d) tonika ta'repke ku'shli tartılıwshı *dominant* subdominanttı biykarlaydı ha'm onın' oraydan uzaqlasıp umtılıwın dominanttın' orayg'a umtılıwshı ku'shi jen'edi;

e) *juwmaqlawshı tonika* ladofunktsional ha'reket kelip shıg'atug'ın logikalıq juwmaq sıpatında belgilenedi. Tonika subdominant ha'm dominant arasında payda bolg'an qarama - qarsılıqtı sheship, qaytadan jan'a o'zgeshelik negizinde payda boladı.

**5. U’nlesliklerdin’ ladofunktsionallıq sistemalanıwı**

Major – minordın’ u’sh funktsionallıg’ı ba’rlıq akkordlardın’ u’sh funktsional toparlarg’a ajıratılıwın belgileydi. Belgili ilimpaz Yu. N. Tyulin to’mendegi akkordlar anıqlamasın usınıs etedi. (№ 1):




Bul anıqlamada funktsionallıq toparlaw u’lıwma tonlar sanına baylanıslı boladı. Tertsiyalı sızıq ha’r bir funktsionallıq toparda u’shewden akkord barlıg’ın ko’rsetedi. Bunda medianta (VI, III – basqısh)lar u’shseslikleri o’z sesleri quramına qarap tonikag’a yamasa basqa qon’sı akkordlarg’a jaqın boladı. Demek, mediantalar funktsionallıq ekileniwi menen ajıralıp turadı.

Tyulin tertsiyalıqdan kelip shıg’ıp akkordlardı funktsionallıq a’hmiyeti ta’repinen u’sh toparg’a ajıratadı:

1. O r a y l ı q funktsionallıq toparlardın’ bas wa’killeri tiykarg’ı u’shseslikler (T, S, D);
2. a r a l a s – medantalar (T S VI, D T III);
3. k i r i s i w sh ı sesler – S II ha’m $D_7$ basqıshındag’ı u’sh seslikler.

Tertsiyadag’ı akkordlardın’ ses qurama ha’m onın’ funktsionallıq anıqlıg’ı ortasındag’ı bag’ının’qılıq bar ekenligin bildiredi. *U’shseslikler* funktsionallıq shegeralanıwının’ en’ ko’p imkaniyatlarına iye. Mısal ushın, funktsionallıq toparlardın’ tiykarg’ı wa’killeri T, S, D bir u’lıwma seske iye yamasa iye emes.

*Septakordlar* bunday shegaralanıw menen xarakterlenbeydi. Sebebi subdominant ha’m dominant u’shseslikleri u’lıwmalıq seske iye bolmasa da, olardın’ septakkordları bug’an iye (№ 2a). *Ko’p tertsiyalı* akkordlar, o’z quramına qaray, bir – birine ja’nede ko’birek jaqınlasadı. Na’tiyjede, bir g’ana

akkordtın’ ha’r tu’rli funktsionallıq talqılanıw imkaniyatları artadı. Mısalı: $S_9$ ha’m $D_9$ u’sh u’lıwma seske iye (№ 2b).

2.

a) b)




### 6. Funktsiyalardın’ o’zgeriwshen’ligi

Akkordlardın’ tiykarg’ı tonika menen tikkeley baylanısın ta’riplewshı lad funktsiyaları t i y k a r g’ ı l a d f u n k ts i ya l a r ı dep ataladı.

Akkordtın’ tartılıw orayları (waqtınshalıq tonikalar) menen baylanısın ta’piyplewshi lad funktsiyaların o’ z g e r i w sh e n’ l a d f u n k ts i ya l a r ı dep ataladı.

O’zgeriwshen’ funktsiyalar tonlıq orayının’ maqsetke erisiwi ha’m ju’msaq jıljıwı na’tiyjesinde payda boladı. Bunda major yamasa minor u’shsesligi tonika funktsiyasın o’zine aladı. Basqa akkordlar bolsa sol tonikag’a qarap subdominant ha’m dominant sıpatında talqılanadı. Bunday jag’daylarda ha’r bir akkord tiykarg’ı tonika ha’m garmoniyalıq rawajlanıw protsesinde payda bolg’an waqtınshalıq, o’zgeriwshen’ tonika menen baylanısta bolıp, funktsionallıq ta’repten ekilenip qaladı.

O’zinin’ ta’siri ta’repinen tiykarg’ı ha’m o’zgeriwshen’ funktsiyalar hesh qashan ten’ bolmaydı. Olardın’ baylanısında ha’r dayım tiykarg’ı funktsiyalardın’ u’stinligi ha’m o’zgeriwshen’ funktsiyalardın’ bag’ının’qılıg’ın tastıyıqlawshı subordinatsiya nızamlıqlarına boysınadı.

O’zgeriwshen’ funktsiyalardın’ payda bolıwı bir qatar sha’rayıtlarg’a baylanıslı boladı. Olar arasında en’ a’hmiyetlileri to’mendegiler:

a) tiykarg’ı tonikanın’ a’zzileniwi yamasa az ko’riniwi. Bul tonikalıq a’zzileniwine ko’binese tiykarg’ı kvarta – kvinta baylanıslarınan ( T – D, T – S,) sheginiw ha’m *tertsiyalı* (T – D I III, T – TSVI ), *sekundalı* (T – SII) baylanıslardı qollaw arqalı erisiledi;

b) tonika bolmag’an akkordlarg’a tiykarg’ı tonika o’zgesheliklerin beriw u’sıllarının’ tarqalıwı (akkordtın’ konsonanslılıg’ı, takttın’ ku’shli u’lesinde kirgiziliwi, atqarılıw sozılıwı, tez – tez qaytalanıwı, kvarta – kvinta mu’na’sibetinde bolg’an konsonanslar menen oralg’anlıg’ı.)

Tiykarg’ı ha’m o’zgeriwshen’ funktsiyalardın’ u’nleslik aktivligi ha’r bir akkordqa ha’r tu’rli mazmun – ma’nis, ren’ bag’ıshlap, ladotonlıq sistemasın bayıtadı.

To’mendegi mısal P.I. Chaykovskiydin’ 1 – simfoniyasındag’ı ekinshi bo’limnen u’zindi tiykarg’ı mi – bemol’ major ha’m o’zgeriwshen’ do – minor tonikalarının’ almasıwına tiykarlang’an (№ 3)

P.Shayкovsкiy. I simf. II.

3.



# Tayanish tu’sinik

“**Lad**” tu’sinigi slavyan tilinen kelip shıqqan bolıp, ol ba’lentlik du’zilisi tonlarınıń’ o’z – ara sa’ykesleniwi ma’nisin an’latadı.

**Major** – minor ladogarmoniyalıq sisteması uzaq tariyxıy rawajlanıw protsesi na’tiyjesinde qa’liplesken turaqlı sesleri u`lken (major) u`sh sesligin payda etiwshi lad.
Onın` basqasha atalıwı - dur Major basqısh bar, olardın` turaqlıları
I - III ha`m V Majordın` turaqсыз II-IV-VI basqisha lar. Major gammasının` mısalın Do major yamasa S – dur.

***Minor*** – minor sistemasına ishki dinamizm, keskinlik, oraylasqanlıq ha’m funktsionallıq baylanıslılıg’ı bolıp tabıladı. turaqlı sesleri kishi (minor) u`sh sesligin payda etiwshi lad. Onın`
basqasha atalıwı-moll minorda 7 basqısh bar, olardın` turaqlıları I –
III ha`m V Minordın` negizgi tu`rleri lya-minor (yamasa a - moll )

**Akkordlardın’ tiykarg’ı tonika menen tikkeley baylanıs**ın ta’riplewshı lad funktsiyaları t i y k a r g’ ı l a d f u n k ts i ya l a r ı dep ataladı.

**Akkordtın’ tartılıw orayları** (waqtınshalıq tonikalar) menen baylanısın ta’piyplewshi lad funktsiyaların o’ z g e r i w sh e n’ l a d f u n k ts i ya l a r ı dep ataladı.

**O r a y l ı q** funktsionallıq toparlardın’ bas wa’killeri tiykarg’ı u’shseslikler (T, S, D);

**a r a l a s** – medantalar (T S VI, D T III);

**k i r i s i w sh ı sesler** – S II ha’m $D_7$ basqıshındag’ı u’sh seslikler.

**tiykarg’ı tonikanın’ a’zzileniwi** yamasa az ko’riniwi. Bul tonikalıq a’zzileniwine ko’binese tiykarg’ı kvarta – kvinta baylanıslarınan ( T – D, T **sheginiw ha’m** ***tertsiyalı*** (T – D I III, T – TSVI ), *sekundalı* (T – SII) baylanıslardı qollaw arqalı erisiledi;

## QADAG`ALAW SORAWLARI.

1. Major ladın fortepianoda oynap ko`rsetiw.
2.Minor ladın fortepianoda oynap ko`rsetiw.
3. Major ladının` tu`rlerin fortepianoda oynap ko`rsetiw.
4. Minor ladının` tu`rlerin fortepianoda oynap ko`rsetiw
5.Major ladı haqqında aytıp berin`.
6.Minor ladı haqqında
7.Major ladın turaqli sesleri
8.Majo ladtin' turaqsiz sesleri
9.Minor ladtın turaqli sesleri
10.Minor ladtin' turaqsiz sesleri

### Tiykarg`i a`debiyatlar.

1. Rahimov Q. "Musiqaning elementar nazariyasi bo'yicha mashq va vazifalar to'plami" T., 2006
2. Azimova O. Garmoniya. Darslik. Nazariy kurs. T., "Qatortol-Kamolat Nashiriyoti 2000.
3. Ройтерштейн М.И. «Основы теоретического музыкознания» М., «Асадема» нашриёти 2003.

### Qosimsha a`debiyatlar.

1. Rahimov H. "Garmoniya bo'yicha mashq va masalalar to'plami" T.,"Aloqachi" nashriyoti, 2005.
2. Скребкова О.А, Скребков С.С. Хрестоматия по гармоническому анализу. М., «Музыка» нашриёти 1978.